*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№30 (26482)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 21 февраль – æртхъирæны мæйы 21 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХÆДБЫНДУРДЗИНАД
**Мадæлон æвзаджы æппæтдунеон бон**

3 ТЕМАТИКОН ФАРС
**Æнцойбон**

4 ХЪАЙТАРТÆ НÆ МÆЛЫНЦ
**Хæстонты нæмттæ сæнусон кодтой**

**Æмбырд**

## Сергей МЕНЯЙЛО: «Ахуырад æмæ рухсадæн хъуамæ иу нысаниуæг уа...»



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО дзы сæрдариуæг кодта, афтæмæй Хицауады хæдзары ацыд уæрæсейаг æхсæнад «Зонынад»-ы регионалон хайады цæстдарæн советы æмбырд. Архайдтой дзы Хицауады уæнгтæ, ахуырад æмæ наукон æхсæнады минæвæрттæ, организацийы федералон экспертты.**

Республикæйы разамонæг фæбæрæг кæдта, æхсæнад «Зонынад» регионы цы ахуырадон æмæ хъомыладон проекттæ аразы, уыдонæн стыр нысаниуæг кæй ис, æмæ зæрдæ бавæрдта, дарддæры æмгуыстадмæ дæр цæттæ кæй стæм, уымæй.

– Æхсæнад «Зонынад» у Уæрæсейы егъаудæр рухстауæн организацитæй иу. Ис ын хъæздыг истори æмæ рухстауæн куысты традицитæ. Уый у фæсивæд æмæ нæ бæстæйы зындгонд адæмы 'хсæн æргом ныхасы сæйраг фæзуат, – загъта Сергей Меняйло.

Æмбырды уæвджытæн арфæ ракодта уæрæсейаг æхсæнад «Зонынад»-ы регионалон рæзты генералон директоры хæдивæг **Георгий Будный.**

– Ныридæгæн уал нæ куыст æрбамбырд кодта 50 милуан уæрæсейаджы. Уæдæ «Зонынад»-ы лектор уæвын кадджын кæй у, уыцы хъуыддаг дæр дызæрдыггаг нæу. Уыцы æнтыстдзинæдтæ нæ къухы бафтыдысты нæ зæрдиаг куыст æмæ регионалон минæвæртты фæрцы. Уымæн ирд æвдисæн у Цæгат Ирыстон. Фæстаг æртæ азы дæргъы регионалон хайады архайджыты нымæц фæфылдæр 13 мин адæймагæй 20 мин адæймаджы онг. Уый фæдыл мæ уæлдай зæрдиаг арфæ ракæнын фæнды республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн. Фыццагдæр уый Цæгат Кавказы федералон зылды райста разамынд Уæрæсейаг æхсæнад «Зонынад»-ы цæстдарæн советæн, – фæбæрæг кодта Георгий Будный.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Ветеранты советæй**

## Нæ тых иудзинады ис



**Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны кадæн Ветеранты хæдзары уыдис бæрæгбон. Арæзт цыдис Иудзинады азы фæдыл.**

Уыдысты дзы: сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, афгайнаг хæсты ветерантæ, хъæбатырты ныййарджытæ æмæ æрыгон фæсивæд. Мадзалы райдайæн уазджытæн РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министр, Уæрæсейы хъæбатыр **Абайты Юрийы** номæй зæрдиаг арфætæ ракодта пъæлицæйы отставкæйы инæлар-майор, Ветеранты хæдзары директор **Сихъоты Сослан**.

Уый йæ раныхасы фылдæр æргом аздæхта рæзгæ фæлтæрмæ. Радзырдта сын Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты æмæ абоны сæрмагонд операцийы хæстон цаутæн иу бындур кæй ис, æмæ кæддæры 1941-1945 азты нæ хистæртæ тугæй цы Уæлахиз балхæдтой, уыцы хæстонты æхсæн иудзинад куы нæ уыдаид, уæд сæ къухы ахæм стыр сгуыхтдзинæдтæ дæр кæй нæ бафтыдаид, уый тыххæй.

– Нæ бæстæйы адæмты иудзинады азы ноджы фылдæр кад кæндзыстæм нæ хъæбатыртæн, абон Украинæйы не 'мзæххонты цард бахъахъхъæнынæл та кæддæры знагимæ ногæй чи тох кæны, уыцы хъæбатыр хæстонтæн. 23 февраль у нæ бæстæйы Æфсад æмæ Флоты намысы кадджын æмæ нæ адæмы æнæбасæтгæ тыхы бæрæгбон. Уырны нæ, Уæлахиз нæхи кæй уыдзæн, фæлæ нæ хъæуы æнгом æмæ æмвæндæй архайын нæ бæстæйы фæрныгадыл. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дæр æмæ абоны сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ хæстонтæ сæ къæбæр дих кæнынц украинаг адæмимæ, кæддæр Берлин советон салдæттæ куы бацахстой, уæд немыцаг сывæллæттæн æмæ сылгоймæгтæн, Сталины Указмæ гæсгæ къæбæр æмæ æхсыр лæвæрд куыд цыдис, афтæ. Уый у уæрæсейаг адæмы рæсугъддæр миниуæг-гуманизм, – загъта Сихъойы-фырт.

Мадзалы раныхас кодта Уæрæсейы Хъæбатыр Андрей Днепровскийы мад **Татьянæ** дæр:

– Нæ сывæллæттæ дзæгъæлы нæ фæмард сты алы хæстыты. Кæй зæгъын æй хъæуы, никæцы хæрзиуæг æмæ стыр ном баивдзæн хъæбулы, фæлæ уыдон нæ бæстæйы амонджын фидæнæн снывонд кодтой сæ æрыгон удтæ, цæмæй абон сабыр дунейы цæрæм. Æз зæрдиаг арфæтæ кæнын Украинæйы сæрмагонд æфсæддон операцийы хъæбатырæй чи хæцы, уыцы уæрæсейаг хæстонтæн. Алчидæр дзы йæ хæдзар сæрæгасæй куыд ссара, ахæм амонд сын Дунескæнæг балæвар кæнæд.

Иудзинады аз æмæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бæрæгбоны фæдыл нæ республикæйы хихъæппæрисадон къордтæ уазджыты зæрдæтæ бахъæлдзæг кодтой сæ аивадæй.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Хъусынгæнинаг**

### РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты цыппор фарæстæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 26 февралы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 26 февралы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары бацæуæны.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**



## 23 февраль – Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон
## Арфæтæ

### Цæгат Ирыстоны зынаргъ адæм!

*Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны фæдыл уын зæрдиаг арфæ кæнын!*

*Æфсæддон службæ кæй царды сæйраг нысан у æмæ нæ цытджын бæстæ хъахъхъæныны хъуыддагмæ хи æвæрæн чи бахаста, ацы бон нымад у уыцы адæмæн кад скæнынæн ноджыдæр ма иу æфсоныл. Хъахъхъæнджыты æппæт фæлтæрты сгуыхтдзинæдтæн кад кæнæм.*

*Сæ хъæбатырдзинад æмæ æхсары фæрцы фашизмыл чи фæуæлахиз æмæ нæ паддзахады сæрибардзинад чи бахъахъхъæдта, æппæтæй раздæр мæ бузныг зæгъын фæнды Фыдыбæстæйы Стыр хæсты нæ уыцы зынаргъ ветерантæн.*

*Нырыккон Уæрæсейы хæстон архайды ветерантæ бæстæйы хъæбатыр азфыстмæ аккаг æвæрæн бахастой. Абон патриотизм æмæ Райгуырæн бæстæмæ æгæрон уарзты дæнцæгæн æрхæссæн ис ацы адæмы хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайгæйæ, ныры вазыгджын уавæрты се 'фсæддон æмæ граждайнаг хæс чи æххæст кæны, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон мах уæлдай сæрыстырдæрæй арфæ кæнæм уыцы æфсæддон службæгæнджытæн, бархионтæ æмæ æрсидты адæмæн.*

*Нæ иумæйаг хæс у нæ паддзахады сабырдзинад, нывыл уавæр, рагон культурон æгъдæуттæ æмæ удварнон хæзнатæ бахъахъхъæнын, рæзгæ фæлтæрæн сæ раттын, стæй хи пайдайаг фæллойы фæрцы бæстæйы хъомыс фæфылдæр кæнын.*

*Нæ зынаргъ хъахъхъæнджытæ! Мæ зæрдæ сымахæн æмæ уæ хиуæттæн зæгъы сабырдзинад, æдасдзинад, фидар æнæниздзинад, амонд æмæ фæрныгад!*

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг***

### Ирыстоны зынаргъ адæм!

*Уæрæсейы национ интерестæ чи хъахъхъæны, нæ бæстæйы адæмы сабыр цардæн фадæттæ чи аразы, стæй кад æмæ æфсæддон ардыл æнувыддзинад æппæтæй уæлдæр чи æвæры, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон нымад у уыдонæн æппæтадæмон бузныджы æвдисæныл.*

*Бирæнацион Ирыстоны истори схонæн ис æфсæддон æмæ фæллойадон намысы æвæджиауы чиныг. Райгуырæн бæстæйæн удуæлдайæ чи службæ кæны, ацы чиныджы алы фарс дæр æвдисы нæ республикæйы уыцы намысджын фыртты хъæбатырдзинад æмæ æхсар. Æмбал кæмæн нæй, ацы адæмы таурæгъон сгуыхтдзинæдтæ æмæ фæллойадон æнтыстдзинæдтæ дзурæг сты ахæм лæгдзинадыл æмæ сыгъдæгзæрдæ патриотизмыл.*

*Æфсæддон службæгæнджыты ныры фæлтæр нæ цытджын хистæрты хæстон намысы азфыст дарддæр æнтыстджынæй хæццæ кæны. Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты уды хъару, сæ фæразондзинад æмæ службæйы хæсыл æнувыддзинад гуырын кæнынц æнæхин сæрыстырдзинад æмæ æгæрон бузныджы æнкъарæнтæ. Æппæт Уæрæсе не 'хсæн цæрæг хъæбатыртæй райгонд у.*

*Февралы ацы бон схонæн ис Фыдыбæстæйы Стыр хæст æмæ Гæрзифтонг тыхты нæ зынаргъ ветерантæн, æфсæддон службæгæнджытæ, стæй, нæ Уæрæсейы фидæн чи хъахъхъæдта æмæ хъахъхъæны, æппæт уыцы адæмæн бузныг зæгъыны ноджыдæр ма иу фадат.*

*Мæ зæрдæ уын зæгъы фидар æнæниздзинад, бирæ азты дæргъы сабырæй куыд цæрат æмæ Фыдыбæстæйæн службæ кæныны хъуыддаджы ног æнтыстдзинæдтæ куыд æвдисат, афтæ!*

*Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны хорзæх уæ уæд!*

***ТУСКЪАТЫ Таймураз,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар***

## Æхсар æмæ лæгдзинады, Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады бæрæгбон

**Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бæрæгбон фæзынд 1918 азы. Уыцы аз æфсад саразыны тыххæй Советон хицауад радих кодта 20 милуан сомы, уыдон уæды рæстæджы уыдысты тынг стыр æхцатæ. Æфсадмæ бархионтæ исæн фыццаг пункт байгом 21 февралы Петроградæы. Ног æфсады рæнхъытæм бацæуынмæ адæммæ фæсидт советон паддзахады фæтæг Владимир Ленин.**

Æфсады фыццаг азы бæрæгбон сбæрæг кæнынмæ хъавыдысты, Кусæг-зæхкусджыты Сырх Æфсады тыххæй Декрет цы бон бафыстæуыд, уыцы бон, фæстæдæр æрлæууыдысты 17 февралыл, фæстагмæ хицауад равзæрста 23 февраль. Фæлæ, цæмæдæр гæсгæ, цалдæр азы ацы æфсæддон бæрæгбон рохуаты аззад 1922 азмæ. Уыцы аз январы кæрон Æппæтуæрæсеон Центрон Æххæстгæнæг Комитеты Президиум рахаста Сырх Æфсады сарæзты цыппар азы сбæрæг кæныны тыххæй уынаффæ. Уæдæй фæстæмæ уыцы бон бæрæггонд цыдис, куыд Сырх Æфсады бон, афтæ.

1946 азы нæ уæды егъау бæстæйы цæрджыты уарзон бæрæгбонæн фæзынд ног ном — Советон Æфсады æмæ Æфсæддон-Денджызон Флоты бон. Уыцы бæрæгбоны фæдыл-иу арфæ кодтой æппæт æфсæддонтæн, фæстагмæ та — æппæт нæлгоймæгтæн, суанг æфсæддон службæйы чи никуы уыд, уыдонæн дæр.

Советон Цæдисы фехæлдимæ кæддæрау рохуаты аззад æфсады бæрæгбон. 1995 азы Паддзахадон Думæ сфидар кодта Уæрæсейы хæстон намысы бонты тыххæй закъон. Уыцы закъонмæ гæсгæ 23 февралæн фæзынд ног ном — "1918 азы Германы кайзерон æфсæдтыл Сырх Æфсады фæуæлахизы бон — Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон". Фæлæ уыцы даргъ номæн бирæ цæрæнбон нæ уыд. 2002 азы Паддзахадон Думæ уынаффæ рахаста йæ аивыны тыххæй. Уæдæй фæстæмæ хуыйны Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон æмæ 23 февраль вæййы фæлладуадзæн бон.

Абон 23 февраль канд æфсады службæгæнджыты бæрæгбон нæу, фæлæ, бæстæ хъахъхъæнынмæ бар чидæриддæр дары, уыдоны, æппæт нæлгоймæгты æмæ Уæрæсейы æфсады службæгæнæг сылгоймæгты бæрæгбон. Уый у æхсар æмæ лæгдзинады, Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады бæрæгбон.



Уыцы бон бæстæйы разамынд арфæ фæкæны УФ-йы Гæрзифтонг тыхты службæгæнджытæн, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветерантæ æмæ æндæр хæстон цауты архайджытæн. Хъæбатыр хæстонты цыртдзæвæнтыл сæвæрынц веноктæ æмæ дидинджытæ. Бæрæгбоны кадæн телеуынынад æмæ радиойы вæййы концерттæ. Изæрæй та — горæт-хъæбатырты æмæ æфсæддон зылдты, флотты, штабтæ цы горæтты сты, уыдоны сæрмæ арв ныррухс вæййы бæрæгбоны салютæй.

Нырткæккæ æмхуызонæй нæ зæрдæ дарæм, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи хæцы, уыдон сæрæгасæй сæ хæдзæрттыл кæй сæмбæлдзысты, уæлахиз нæхи кæй уыдзæн, ууыл. О, мах æнхъæлдтам æмæ нацизм йæхиуыл никуыуал схæцдзæн, фæлæ нæ уыцы æууæнк фæсайдта. Бахъуыд нæ сæрмагонд æфсæддон операци, цæмæй уæрæсейаг граждæнтæ сæрибар æмæ хæдбарæй цæрой. Æрцыд дзы зиантæ, мах сыл хъыг кæнæм, нæ зæрдæты сæ дарæм, кады мадзæлттæ сын аразæм...

### Дзырды фарн

***Хъæуы сабырдзинад нæ зæххыл, –***
***Куыд цæуа дуджы фæстæ дуг,***
***Куыд кæнæм цин нæ арвы цъæхыл.***

*ЦОМАЙТЫ Ростислав*

| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **21 февралы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **уазалы 1 градусæй – хъармы 12 градусы онг.** | Боны дæргъ — 10,47 | Хурыскаст — 06,50<br>Хурныгуылд — 17,39 | Валютæйы аргъ | Доллар — 76,74<br>Евро — 90,87 | 12 + |
|---|---|---|---|---|---|---|

Бæрæгбон

# Мадæлон æвзаджы æппæтдунеон бон

**21 февралы дунейы алы бæстæты адæмтæ бæрæг кæнынц Мадæлон æвзаджы æппæтдунеон бон. Ацы бæрæгбон 1999 азы 17 ноябры снысан кодта Иугонд Нациты Организаци (ЮНЕСКО), цæмæй, зæххы къорийы цы адæмыхæттытæ цæры, уыдоны æвзæгтæ, културæ æмæ хæдбындурдзинад сæфт ма 'рцæуой.**

Зындгонд журналист Цгъойты Хазби кæддæр афтæ ныффыста: «Алы адæмæн дæр, тулдз бæласау ис уидæгтæ, зæнг æмæ къалиутæ. Уидæгтæ сты йе 'взаг, зæнг – йе 'гъдæуттæ, къалиутæ та – йæ царды мидис. Бæласæн йæ къалиутæ куы ныццæгъдай, фæлæ йæ уидæгтæ фидар куы уой, уæд та йæ зæнг ног къабузтæ рауадздзæн; йæ зæнг ын куы алыг кæнай, фæлæ йæ уидæгтæ цардхъом куы уой, уæд та тау суадздзысты, æмæ йын зæнг дæр уыдзæн æмæ къалиутæ дæр. Гъе, фæлæ йын йæ уидæгтæ куы ныллыг кæнай, æмæ куы бахус уой, уæд æрцыд йе сæфт. Ахæм хъысмæт ис алы адæмæн дæр: йæ абон, йæ фидæн аразгæ сты йæ уидæгтæй – йе 'взаджы цардхъомдзинадæй. Уый æдзухдæр уæ зæрдыл дарут, ирон адæм, кæд уæ уе сæфт нæ фæнды, уæд!»





Мадæлон æвзаджы бæрæгбоны фæлгæты мах уазæгуаты уыдыстæм Дзæуджыхъæуы 11-æм астæуккаг скъолайы. Уыцы рæстæг 6-æм «б» къласы цыд ирон æвзаджы урок. Амонгæ та сын æй кодта фæлтæрдджын педагог, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг **Уыртаты Алыксандры чызг Оксанæ**.

Урок райдыдта РЦИ-Аланийы паддзахадон гимнæй. Разæй, интерактивон фæйнæгыл, уыд нæ республикæйы тырыса æмæ зарæджы ныхæстæ. Ахуыргæнæг æмæ йæ ахуырдзаутæ дæр лæугæйæ зæрдиагæй зарыдысты.

– Куыд зонæм, афтæмæй Цæгат Ирыстоны хæларæй цæрынц 100 адæмыхаттæй фылдæр. Ацы къылас, уырыссаг къорд кæй хонæм, ахæм у. Ахуыр дзы кæнынц уырыссаг, сомихаг, азербайджайнаг, грекъаг æмæ ирон сывæллæттæ дæр. Кæмæн дзы йæ мад ирон у, кæмæн та – йæ фыд. Уыдонимæ: Хусейн Алиев, Лаура Углева, Элина Аврамиди, Болататы Валерия, Бигъуылаты София, Базраты Еленæ æмæ иннæтæ. Фæлæ иууылдæр райгуырдысты Цæгат Ирыстоны æмæ ирон æвзаг сæхицæн нымайынц мадæлон æвзагыл, зæрдиагæй йæ ахуыр кæнынц, æмæ сын æнтысгæ дæр кæны, – зæгъы Оксанæ.

Ахуырдзаутæ зæрдылдаргæйæ аив бакастысты зындгонд ирон фысджыты æмдзæвгæтæ мадæлон æвзаджы тыххæй.

Хусейн Алиев æмæ Базраты Еленæ тынг аив бакастысты Уалыты Лаврент æмæ Хостыхъоты Зинæйы æмдзæвгæтæ мадæлон æвзаджы тыххæй.

Урочы кæронбæттæны ахуырдзаутæ ирон фæндыры цагъдмæ акафыдысты симд. Бæрæг уыд, се 'хсæн хæлардзинад кæй ис, уый. Афтæ хъæлдзæгæй, цымыдисагæй ацыд мадæлон æвзаджы урок.

Мæ зæрдыл æрбалæууыдысты Цæгæраты Гигойы ныхæстæ:

**«Дунейы тæккæ хуыздæр хæрзтæн**
**У сæ хуыздæр мадæлон æвзаг,**
**Чи йæм кæсы иунæг боны цæстæй,**
**Гъе уый у йæ адæмæн знаг».**

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Хæстон-патриотон хъомылады мæйон

# Уыцы цаутæн ферохгæнæн нæй

**Советон Цæдисы Хъæбатыр Милдзыхты Хадзымырзæйы номыл Елхоты дыккæгæм астæуккаг скъолайы лæгдзинады урокмæ æрбацыдысты хистæртæ – Кировы районы Ветеранты советы сæрдар БЕДОЙТЫ Феликс, «Аланты Ныхас»-ы Кировы районы хайады сæрдар КЪУБАЛТЫ Солтан. Мадзал арæзт æрцыд хæстон-патриотон хъомыладон куысты мæйоны фæлгæты.**



– Абон хæсты цаутæ чидæртæ зыгъуыммæ кæнынц, – дзырдта Къубалты Солтан. – Уыдон сты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг ма чи аирвæзт, уыцы фашисттæ æмæ сæ хъузæтты байзæддæгтæ. Мах архайæм ууыл, цæмæй нæ кæстæртæн сæ сæрызонд ма сæмтъеры уа алыхуызон мæнг информацийæ.

Хистæртæ æууæндынц, сабыр дунейы кæй фæрцы цæрæм, уыцы хъæбатыр хæстонтæ æмæ, фæсчъылдымы Уæлахиз хæстæгдæр чи кодта, уыцы адæм рох кæй никуы уыдзысты, ууыл. Уыдон та уыдысты, Ленинграды æрхъулайы 872 боны знагимæ чи фæтох кодта, заводтæ æмæ фабрикты чи фæкуыста, уыцы хъæбатыртæ, иннæ ахæм, Сталинградыл карз хæстыты аст мæйы дæргъы йæ цард чи нæ бавгъау кодта знаджы ныхмæ тохы, уыцы æфсæддонтæ æмæ кусджытæ. Уым, цæугæдон Волгæйы был, хæстон фидар хъахъхъæнджыты 'хсæн уыдысты мингай ирыстойнæгтæ, уыдонимæ Кировы районы хъæутæй рацæуджытæ.

Карз хæстытæ цыдысты Кавказыл тохы дæр, уæлдайдæр – Æрджынарæджы. Ацы фидар чи хъахъхъæдта, уыдонимæ уыдысты 151– æмæ 317-æм дивизитæ, 19-æм курсантты бригад. Уæлдай уæз æрæнцад 84-æм топпæйæхсæг денджызон хицæн бригадыл. Уазджытæ радзырдтой, уыцы бригады сгарджытæ кæй фервæзын кодтой цæф къаннæг чызджы. Ном ыл сæвæрдтой **Эльхота**, ома, цы хъæуы йæ фервæзын кодтой, уый. Мыггаг схуыдтой **Морская** – денджызонтæ уыдысты ирвæзынгæнджытæ. Фыды ном та – **Анатольевна** – бригады комиссар **Анатолий Даниловы** номæй. Æртын азы фæстæ чызг – **Кудзаты Русудан**, (афтæ Эльхотайы схуыдтой Гуырдзыстоны сидзæрты хæдзары) – **Эльхота Морская** – **Джиоты Хадизæт** (елхотаг Джиоты чызг кæй у, уый дæр сбæрæг) фембæлд йæ ирвæзынгæнджытæ æмæ йæ мад Нуцаимæ.

Цæгатирыстойнаг хæсты архайджытæй 79 систы Советон Цæдисы Хъæбатыртæ, уыдонæй цыппар – Кировы районæй: Карсанты Хъазыбег, Милдзыхты Хадзымырзæ, Александр Бондарь æмæ Моргуаты Бек. Уыдонæн сæ нæмттæ хæссынц сæ райгуырæн хъæуты скъолатæ, уынгтæ. Сæ гуырæнбонтæ æмæ паддзахадон бæрæгбæтты районы Намысы аллейы сæ цыртдзæвæнты цур арæзт æрцæуы мысæн мадзæлттæ.

Лæмбынæг хъуыстой скъоладзаутæ хистæрты ныхæстæм. Кæстæртæ куы фехъуыстой, хъæуты баззайæг адæмæн (зæрæдтæ æмæ æнахъом сабитæ) фашисттæ цы стыр хъизæмæрттæ бавзарын кодтой, уыдæттæ, уæд бирæтæн сæ цæсгæмттыл фæзынд тызмæгдзинад.

Фашистон æрдонгты знаггаддзинадæн ферохгæнæн нæй.

**КЪУБАЛТЫ Аркади**

Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ

# Историйы баззайдзæн йæ ном

**Йæ нæуæдз фарæстæм уалдзæгыл дзагцæстæй æмбæлы Иван Елисейы фырт ТИМОШКИН – Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран, капитан. Цыма хæсты цæхæры æрхуым хъуыдыты уæз йæ рæзгæ уд æвзаргæ дæр нæ бакодта, афтæ зыны фыццаг бакастæй. Дзæуджыхъæуы фæзы та йæ таурæгъон танк Т-34 абоны онг кæсы йæ алыварс бæрзондæй ныллæгмæ.**

– Кæсын æм, æмæ зонын, кæм дзы цы ис, суанг ыл цы нысантæ ис, уыдон дæр. Ис дзы ахæм бынæттæ, йе згъæр фæрстыл дзæбуг æмæ сартæй мæ мыггаг, ном æмæ фыды номы фыццаг дамгъæтæ кæм скъахтон. Иуæй-иутæ мын куы фæзæгъынц, ацы танк дæу нæ уыд, уый æрхъуыдыгонд хабар у, зæгъгæ, уæд мæ дзуапп вæййы, схизут æмæ фенут, уыцы ран дзы ахæм нос кæй ис йæ фарсыл, иннæ ран ахæм, зæгъгæ. Танк фыццаг зæххыл уыд, æмæ-иу федтой, раст кæй дæн. Уый фæстæ йæ систой пьедесталмæ, бæргæ сын дзырдтон мэрийы, уадз æмæ йыл адæм уырзтæй дæр æндзæвой, сывæл-







лæтæ йæм хизой, æрмæст сæ фæстæ æфснайæг снысан кæнут, – йæ «хæстон æмбалы» тыххæй нын дзуры фæлтæрдджын механик.

Хæстон машинæ ныр цалæм аз лæууы фæзы, уыны хæрзфынтæ. Хæсты цæхæры цал хатты басыгъд, цал хатты бавзæрста нæмгуыты зæй, уый хорз зоны Иван Тимошкин.

– Ацы танкыл Дзæуджыхъæуы уынгтæй кæуыл нæ ацыдтæн, ахæм нæй. Æгас Мæхъхъæлы республикæйыл дæр æрзылдтæн, хæстон ахуырты рæстæг та иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдтæн Алагиры 'рдыгæй,– йæ хæстон згъæрæфтыд бæхы цардимæ нæ зонгæ кæны йе скъæрæг. Сыбираг æвддæсаздзыд лæппуйы командир уыд Советон Цæдисы Хъæбатыр, инæлар-лейтенант, дзæуджыхъæуккаг Александр Сидоры фырт Мнацаканов. Амыдта йын зонд, ацу æфсæддон ахуыргæнæндонмæ æмæ афицер суай! Ныр, Чкаловы уынджы æфсæддон госпитæль кæм ис, уым хæсты фæстæ уыд автомобилон училищæ, æртæ азы дзы фæцахуыр кодта æмæ афицеры цин райста. Хæсты фæстæ йæ хæдзармæ нæ ауагътой, фæлтæрдджын танкист дæ, хæсты æхсыст æмæ иннæты дæр хъуамæ сахуыр кæнай, зæгъгæ. Афтæмæй ма æвзыгъд лæппу æстдæс азы зылд андзæвон, уæд галиуырдæм азил, рахиз уæхскыл – уæд та рахизырдæм, дæ сæры тенкайыл, уæд та размæ, дыууæ хатты – уæд æрлæуу. Дыккаг бон куы 'рбацыд, уæд мæ фæрсы, цæй куыд дæ, Ваня? Æмбал капитан, мæ чъылдым æмæ мæ фæрстæ риссынц! Уæлдай ныхæстæ, зæгъгæ, мын мидбылты худгæйæ дзуапп ратта,– мысы йæ æфсæддон бонтæ нæ æрмæджы хъайтар. Дыууын авд азы, Цæдисы иу ранæй иннæмæ цæугæйæ, æрвыста йæ бонтæ Тимошкин. Фæлæ дзы хæстон бонтæ нæ рох кодтой:

– Уæззау бонтæ дзы фылдæр уыд, цин – бирæ къаддæр. Хæсыл нымад уыд алы фæзылд дæр, Советон Цæдисыл, æмæ сидтонты ахуыр кодта танкист суæвынил.

– Александр Сидоры фырт мæ сæрмæ бадт танчы, раци йæм, афтæмæй. Мæнæн та афтæ, командæ дын нæ кæндзынæн, фæлæ йæ зон, дæ галиу уæхскыл дын куы хъуамæ цæттæ уыдаис Фыдыбæстæ æмæ Сталины тыххæй дæ уд дæр раттынмæ. Зоныс, цæмæн фæуæлахиз стæм? Уымæн æмæ, æнæ фæстæмæ кæсгæйæ, æххæст кодтам алы бардзырд дæр! Нæ йæ сæххæст кодтай, уæд дæ фехсдзысты, кæнæ 25 азы фæбаддзынæ хæстоны! Цард æнæхъæнæй дæр циндзинад у, Хуыцауæй лæвæрд. Фæцардтæн, куыд фæцардтæн?.. Патриотизм уыд нæ царды хъомылады фарстайы сæйрагдæр. Уæлахиз ралæууыд, хæсты фæстæ 47-æм азы карточкæтæ систой, дзул уыд æнæ талонтæй балхæнæн, куыд цин кодтам ууыл! Иннæ хорздзинад нæ хистæртæ уыдысты. Афицер дæр мæ командиры амындæй сдæн, цыппар танчы йын басыгъд, йæ цармæй æнæхъæн ницыуал баззад, цæсгомæй, къухæй, къахæй – иууылдæр сыгъд уыд, фæлæ куыд хъæбатыр уыд! Мæнæн та – царды фæзминаг. Хæсты фæуынмæ хæстæг хæрз æрыгон уыдыстæм, танктыл хæсты быдырмæ куы ныццыдыстæм, уæд-иу нæ хистæртæ, махмæ кæсгæйæ, иннæрдæм азылдысты, мæ цæсты цыдæр бахауд, зæгъгæ. Фæстæдæр æй бамбæрстам, сæ цæстысыгтæ сын фенæм, уый сæ кæй нæ фæндыд. Æвддæсаздзыдтæ мæлæтæн æвгъау уыдысты, æмæ нын тæригъæд кодтой. Ивгъуыдыл къух исæн нæй, алы ран дæр адæймаг дæ, уый дæ рох макуы уæд. Ацы царды æппæтæй уæлдæр адæймаг у! Хуыцау ын ратта зонд. Тифæй рынчын сыст Райгуырæн бæстæйыл гадзрахат рацæуæг адæймагæй хуыздæр у. Цас адæм бабын Украинæйы, сæ хъуыдыкæнынад, ахаст æмæ архайд ахæмты аххосæй кæй сзыгъуыммæ, уый аххосæй...

Нæ зæххыл хорз адæмтæ фылдæр ис, зæгъгæ, Елисейы фырт цалдæр хатты бафиппайдта. Стæй ма йæм бафтыдта, Ирыстон йæ дыккаг Райгуырæн бæстæйыл кæй нымайы, ирон адæмы бирæ кæй уарзы, бирæ æмбæлттæ йын кæй ис се 'хсæн. Уарзы кæсаг ахсын, разы у, йæ алфамбылай цы адæмтæ ис, уыдонæй, ныры фæсивæдæй. Æнæзонгæ лæппу, сæ уынджы хæдтулгæйыл цæугæйæ, йæ хæдзарыл табличкæ бакæсгæйæ, æрлæууыд, хатыр ракуырдта æмæ бамбарын кодта, кæй йæ фæнды хъайтар хæдзары хистæры фенын. Цас хъарм ныхæстæ загъта Иванæн, бафарста, цæмæй йæм фæкæса. Йæ ацыды размæ бинонтæй ракуырдта, цæмæй йын йæ мадимæ æрбацæуыны бар раттой. Фæстæдæр ирон æгъдаумæ гæсгæ хъайтары бинонтæм уазæгуаты æрбацыдысты.

Иван Тимошкин йæ царды æппæтæй дæр разы у, фæсмон кæны иу хъуыддагыл: иронау хорз нæ базыдта, æмæ хæсты ветераны хъынцъымы сæр уый у. Арæх æй бабæрæг кæнынц горæты администрацийæ, йæ курдиатмæ гæсгæ быдуронæй сцалцæг кодтой, кæм цæры, уыцы Стахановы уынг. Æдзæллаг уавæры уыд, ныр цæхæр калы. Арæх æм æрбацæуынц кадеттæ, скъоладзаутæ. Уæлахизы бон та, ветераны кадæн йæ хæдзары рæзты ацæуы парад æфсæддон оркестримæ. Уый та хорзы нысан у, цард цæуы æмæ Иван Тимошкины хуызæтты фæрцы йемæ хæссы фæрныгад, фарн æмæ амонд.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**




## Æмбисæндтæ

# Доны агуывзæйы тыххæй

**Урочы райдайæны профессор йæ къухы хæрдмæ систа, дон гыццыл кæм уыд, ахæм агуывзæ. Хæцыдис ыл, цалынмæ йæ студенттæ бафиппайдтой, уæдмæ.**



– Сымахмæ гæсгæ ацы агуывзæ цас ласы? – бафарста сæ. «50 граммы!»... «100 граммы!»... «125 граммы!»... – ахæм дзуаппытæ раттой студенттæ.

– Æз æй мæхæдæг дæр нæ зонын, – дарддæр дзырдта профессор, – цæмæй йæ базонæм, уый тыххæй йæ сбарын хъæуы. Фæлæ хъуыддаг уый мидæг нæй. Цы уыдзæн, агуывзæйыл цалдæр минуты афтæ куы фæхæцон, уæд?

– Ницы, – дзуапп раттой студенттæ.

– Хорз. Уæдæ цы уыдзæн, агуывзæйыл сахаты бæрц куы фæхæцон, уæд та? – ногæй та бафарста профессор.

– Дæ къух риссын райдайдзæн, – загъта студенттæй иу.

– Хорз. Агуывзæйыл æнæхъæн бон, афтæ хæрдмæ даргæйæ, куы фæхæцон, уæд та цы уыдзæн?

– Дæ къух ныхъхъæдæг уыдзæн, дæ хæцъæфы фæзындзæн тыхджын тынгад (напряжение), чи зоны, æмæ дын дæ къух паралич ныццæва, – загъта студенттæй иу, æмæ йæ ныхæстыл аудиторийы бадджытæ хъæрæй ныххудтысты.

– Тынг хорз, – дарддæр дзырдта профессор, – фæлæ ма зæгъут, уыцы рæстæг агуывзæйы уæз æндæрхуызон фæци?

– Нæ, – уыдис дзуапп.

– Уæдæ кæцæй фæзындысты хæцъæфы тыхджын тынгад, цæмæ рысти уæхск?

Студенттæ дисы бацыдысты.

– Мæ рисæй фервæзыны тыххæй мæ цы бакæнын хъæуы? – бафарста та профессор.

– Агуывзæ бынмæ æруадзын, – загъта аудиторийæ чидæр.

– Æнæмæнг, афтæ, – фæхъæр кодта профессор, – афтæ вæййы царды цæлхдуртæ æмæ зындзинæдтимæ дæр. Уæ сæры сæ куы дарат цалдæр минуты, уæд уый нормалон хъуыддаг у. Бирæ рæстæг сыл куы сагъæс кæнат, уæд уæ зæрдæ рисдзæн. Фæлæ сыл æнæсцухæй дæргъвæтин рæстæг куы хъуыды кæнат, уæд уæ бон ницыуал уыдзæн, ома уæ къух ницæмæуал тасдзæн. Хъуамæ уæ уавæрыл басагъæс кæнат, хатдзæгтæ дзы скæнат æмæ алы изæр дæр, хуыссын афонмæ уыцы хъуыдытæй хъуамæ уæхи суæгъд кæнат. Афтæмæй алы райсом дæр райхъал уыдзыстут уæнгрог æмæ ныфсджынæй, царды ног уавæртæм цæттæйæ.

# Хъæздыгдзинады тыххæй



**Иу æрыгон адæймаг æппынæдзух хъаст кодта йæ цардæй:**

**– Афтæ æнамонд цæмæ дæн? Иннæтæм ис хæдтулгæтæ, фатертæ, хорз ахуыргонддзинад, мæнмæ та? Мæ цард ныкъкъуыхцытæ, ницæмæйты йæ тонын. Афтæмæй та æрыгон дæн, ис мæм хъару...**

**Иухатт ын йæ хъынцъым фехъуыста, йæ рæзты чи фæцæйцыд, ахæм ацæргæ нæлгоймаг.**

**– Сразы уаис, дæ къух кæнæ дын дæ къах алыггæнгæйæ, иу милуан æхца куы дæттиккой, уæд? – йæ разы æрлæугæйæ йæ бафарста лæг.**

**– Нæ, ницæй тыххæй!**

**– Дæ цæст скъахыныл та?**

**– Дæс милуаныл дæр не сразы уыдзынæн! – фæхъæр кодта лæппу.**

**– Уыныс! Дæумæ ис, дæс милуанæй дæр кæй нæ балхæндзынæ, ахæм хæзна, ды та нæтыс æмæ хъаст кæныс дæ мæгуырдзинад æмæ царды къуыхцытæй. Цы хъæздыгдзинæдтæ дæм ис, уыдонæй пайда кæнын базон!**

## Ахудынæн

# Æрдзæй йын лæвæрд уыд...

Алы адæймаджы дæр æрдз исты хицæндзинадæй схорзæхджын кæны. Зæгъæм, Залиханæн ратта тынг тыхджын бæрзонд хъæлæс. Чи зоны, æмæ зарæггæнæджы дæсныйад куы равзæрстаид йæ царды рагуалдзæджы, уæд ыл нæ бæстæ æмæ Европæйы хуыздæр оперон театрты кæрæдзийы тыдтаиккой, дыккаг Мария Каллас кæнæ Монсеррат Кабалье басгуыхтаид. Фæлæ йæ йæ хъысмæт æндæр фæндагыл сæвæрдта.



Цæвиттон, куыста Горæтгæрон хъæдгуыстгæнæн хæдзарады нымæрдарæй. Йæ хæстæ æххæст кодта, куыд æмбæлы, афтæ, фæлæ йæм иу хъæндзинад уыдис, мæнæ, уæлдæр цы æрдзы хицæндзинады кой кодтон, уый. Залихан сабыр дзурын нæ зыдта, æмæ-иу, къанторы кæройнаг хатæнты чи бадт, уыцы кусджытæ æппæт хабæрттæ дæр базыдтой. Иу ныхасæй, сусæг зарæг дæр хъæрæй кодта, уыцы «курдиат» йемæ райгуырд, æмæ йын хатыр кодтой. Бирæ хъазгæмхасæн ныхæстæ дæр-иу ыл сæмбæлд, фæлæ уый тыххæй мæсты нæ кодта, хъуыддаг-иу худыны 'рдæм аздæхта. Иуахæмы та йæм хицауы хæдивæг дзуры:

– Залихан, марадз-ма, Тарскæйы хъæдгæстæм балкъонæй ахъæр кæн, æмæ æмбырдмæ рацæуæд. Зæронд лæг уыдис Гадæцц, æмæ, куыд æнæбондæр кодта, афтæ йыл низтæ сфарс сты, уæгъд æй нал уагътой. Хæдзары йын цы адæмон хостæ арæзтой йæ ус æмæ йæ цот, уыдон ын куы ницыуал ахъаз уыдысты, уæд æй рынчындоны сæвæрдтой. Дохтыртæн сæ бон цы уыд, уымæй йыл бæргæ архайдтой, фæлæ уыдонæн дæр сæ авналæнтæн арæнтæ ис, мæрдтæ здахæг не сты...

# Зианæй æрцыдысты...

Зæронд лæг уыдис Гадæцц, æмæ, куыд æнæбондæр кодта, афтæ йыл низтæ сфарс сты, уæгъд æй нал уагътой. Хæдзары йын цы адæмон хостæ арæзтой йæ ус æмæ йæ цот, уыдон ын куы ницыуал ахъаз уыдысты, уæд æй рынчындоны сæвæрдтой. Дохтыртæн сæ бон цы уыд, уымæй йыл бæргæ архайдтой, фæлæ уыдонæн дæр сæ авналæнтæн арæнтæ ис, мæрдтæ здахæг не сты...

Цæвиттон, хуыцаубоны райсомæй Ахъберд рынчындоны йæ сиахсы абæрæг кодта æмæ, фæстæмæ куы рацæйздæхт, уæд даргъ къæлидоры йæ хъæуккаг Гадæццыл амбæлд. Зæронд лæгæн йæ къух райста, афæрстытæ йæ кодта йе 'нæниздзинадæй, стæй дарддæр йæ хъуыддæгты фæдыл фæраст. Уымæй иудыууæ сахаты фæстæдæр сæ дуармæ йæ хæдтулгæ сæвæрдта æмæ, гыццыл дæлдæр цы нæлгоймæгты къорд лæууыдис, уыдонмæ ныццыд, хуымæтæджы не сæмбырд сты, зæгъгæ, йæ зæрдæ фехсайдта. Салам раттыны фæстæ сæ афарста, исты хабар ис, цæуыл æрæмбырд стут, зæгъгæ.

Сæуджен ын дзуапп ратта, уæлæ, дам, Гадæцц фæзиан, æмæ уырдыгæй æрцыдыстæм.

– Уанцон нæу! Цы ныхæстæ кæныс! Æз ма йын дыууæ сахаты разæй йæ къух райстон! – цæхæртæ акалдта Ахъберд.

– Æз та йыл сахаты 'рдæджы разæй мæ къух бавæрдтон! – уыдис Сæуджены дзуапп.

# Йæ ном – Дзæрæхмæт

Ацы нæлгоймæгтæ, æвæдза, цы мæнгард сты! Се 'ппæт нæ, фæлæ дзы сылыстæг бирæ чи уарзы, уыдон. Сæ устыты афæливынмæ дуне алыхуызон æфсæнттæ къахгæ та кæцæй ракæнынц!.. Æддæдзаст лæгæн йе стырдæр сагъæс – йæ «галиу» хъуыддæгтæ йæ къæбæргæнæгæй басусæг кæнын. Фæлæ сылгоймаджы чи асайдзæн, уымæн йæ фæсонтыл дæр цæстытæ ис, хæйрæджы кафт дæр зоны.



Сæуджен дæр ма дын иу ахæм цæстфæлхатæг. Йæ чырæг телефоны хыгъд ын куы акæсай, уæд ницы хуызы фæгуырысхо уыдзынæ, сылгоймаджы номæн дзы йæ хотæ æмæ хæстæджытæй йеддæмæ никæй ссардзынæ. Фæлæ йемæ ныр ссæдз азы чи цæры, уыцы Зæрæда йын, куыд фæзæгъынц, йæ хъæвд зоны, йæ хъуыдытæ йын кæсы. Айфыццаг та йæ мойы телефон йæ къухы бафтыд, æмæ йæ фæракъах-бакъах кодта. Уымæй дыууæ боны фæстæдæр иу ран йæ зонгæ сылгоймагыл сæмбæлд æмæ йæм адæмы астæу æнæнхъæлæджы дзуры:

– Дæ бон хорз, Дзæрæхмæт!

– Дæ зонд фæцыди? Цавæр Дзæрæхмæт?! Мæ ном мын нал зоныс, уæд дын æй дæ зæрдыл æрлæууын кæнон – Хорческæ! – сбустæ кодта сылгоймаг.

– Чи дын цы зоны, зæгъæм, мах лæджы телефоны Дзæрæхмæт, зæгъгæ, фыст дæ, – дзуапп ын ратта Зæрæда.

# «Ма тагъд кæн...»

Джеоргуыбайы къуырийы нымайгæ бонтæ уайтагъд кæронмæ æрхæццæ сты. Сæхъмæрза йæ сыхы алы хæдзары куывды дæр бабадт, фæлæ та ацы хатт дæр йæхи хæдзары туг не суагъта, никæмæ фæдзырдта, рацæут, мæ чъиритæ дæр акувут, зæгъгæ. Уæдмæ ралæууыд Сыгъдæг Лæгты Дзуары фæндарастгæнæн бон. Изæрæй Сæхъмæрза сыхы лæгтæм хонæг арвыста, æмæ уыдон дæр дисгæнгæ уайтагъд амбырд сты, дыккаг загъдмæ нал фенхъæлмæ кастысты. Фынг тынг рæсугъд уыдис, кæлгæ-уæлгæ дзадджын уæливыхтæ «ахæр мæ, ахæр мæ!» кодтой, фыдызгъæл, алыхуызы нозт... – иузагъдæй, нæртон куывд сарæзта ацы хатт Сæхъмæрза, фæгæрах кодта кæдæйуæдæй. Кувынтæ систой, зæгъыс, йæ сыхæгтæ, базыртæ сыл базадис раст. Дзæбæх бахъæлдзæг сты. Фынджы хистæр иуафон сидт рауагъта æмæ Лæгты Дзуары фæндараст кæныныл схæцыд. Джеоргуыба та, дам, нæ иннæ аз дæр сæрæгас æмæ æнæнизæй куыд æрæййафа, ахæм фынгтыл ын куыд табу кæнæм... Хистæрæн йæ «къæбæлдзыг» куывд кæронмæ нæма ахæццæ, афтæ йæм Ахъберд дæле уæлæмæ дзуры:

– Ма тагъд кæн.

Хистæр æй нæ бамбæрста æмæ дарддæр йæ сидты кой кæны, фæлæ та йын Ахъберд йæ ныхас æрдæгыл аскъуыдта:

– Ма тагъд кæн...

Фынджы хистæрæн куыд нæ фæхъыг уыдаид, кæстæртæ йæм ныхасæппарæн кæй кæнынц, уый, æмæ Ахъбердыл йæ пырх акалдта:

– Дæ хорзæхæй, цы мæ баййардтай, нал мæ ныууадздзынæ?! Кæдæм тагъд кæнын?

– Ныр куы афæндараст кæнай Æргом Зæды, уæд та райсом арахъхъ æмæ цъæх пъæмидортыл баддзыстæм, – уынгæг хъæлæсы уагæй йæм сдзырдта Ахъберд.

# Стыр сахары

Ахъберд æхца бамбырд кодта, стæй иу æнцойбон бавдæлд æмæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн стыр сахармæ йæ фæллад уадзынмæ ацыд. Куыддæриддæр æй фæндыд, афтæ фæтезгъо кодта стыр уынджы (проспект), стæй паркмæ бараст. Ам æрыгæттæ æдзæстхизæй кæрæдзийыл куыд цинтæ кæнынц, уыдæттæм куы 'ркаст, уæд стыр дисы бацыд. Дарддæр йæ фæндаг кинойыл акодта æмæ та, ам дæр ахæм æнæуаг митæгæнгæ куы федта фæсивæды, уæлдайдæр, фæстаг рæнхъытæм чи балхæдта билеттæ, уыдоны, уæд бынтон смæсты.

Уырдыгæй тутæгæнгæ феддæдуар, мæлгæ, дам, нықкæнут уыцы худинаджы митæ кæныны бæсты, зæгъгæ, ма сæм бадзырдта, афтæмæй. Цæхæртæ калгæ фыццаг фембæлæг дуканимæ фæмиддуар. Тамако алхæдта, фегом кодта къопп, иу дзы сылвæста, зынг ыл афтыдта æмæ йæ зæрдæбынæй сцъырдта. Дуканигæс æм дисгæнгæ бакаст, стæй йын бауайдзæф кодта:

– Хорз лæг, ам тамако дымæн нæй.

– Цæуылнæ? Сымахмæ йæ нæ балхæдтон? – фæрсы йæ Ахъберд.

– Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс? Уыцы гыццыл нæм уæд туалетон гæххæтт уæййаг дæр ис... – уайдзæфгæнæгау ын загъта дуканигæс.

## Ивгъуыд царды нывтæй

# Сагкаты хæйрæг

**Сагкаты лæгтæ уыгæрдæны хос карстой, æмæ сæм иу рæстæджы хæйрæг æрбацыд. Хосгæрдджытæ фæтарстысты. Хæйрæг хъæдын цæвæг акодта æмæ, уыдон куыд карстой, уый дæр иуварс æрлæууыд æмæ хосгæрдæгау кодта. Хосдзаутæ æгæр куы старстысты, уæд сæ хистæр загъта:**

– Тæрсгæ дзы ма кæнæм, фæлæ баздæхæм æмæ йæ æрцахсæм.

– Куыдæй? – бадис кодтой кæстæртæ.

Хистæр сын йæ хъуыды нæ загъта, хæйрæг сын сæ фæнд куы базона, зæгъгæ. Хосæй сын куырисбæттæнтæ скæнын кодта, алкæмæн дзы йæхи къахæй-къухæй фидар сбæттын кодта, сæ цæвджытæ сæ уæрджыты 'хсæн куыд уой, афтæмæй. Хæйрæг фæзмæгой кæм нæу? Каст сæм æмæ, уыдон куыд кодтой, уый дæр афтæ кодта. Сагкаты хистæр загъта:

– Ныр куырисбæттæнтæ цæвджытæй лыг кæнгæут цырд...



Сагкаты лæгтæ фæцарæхстысты æмæ алыг кодтой куырисбæттæнтæ. Хæйрæг дæр ацархайдта, фæлæ... Искуы дæр ма хъæдын цæвæг куырисбæттæн лыг кæны?.. Афтæмæй Сагкатæ (чи зæгъы Сечъынатæ) хæйрæг æрцахстой...

Хистæр загъта:

– Тагъд, йæ сæры хъуын ын сæрдасæндзæф фæкæнут...

Сæрдасæн сæм кæцæй разындаид, фæлæ цæвæг ацыргъ кодтой æмæ уымæй хæйрæджы сæры хъуын сæрдасæндзæф фæкодтой... Хæйрæг нал архайдта лидзыныл, æрсабыр æмæ æрцыд семæ хъæумæ. Цæрынтæ райдыдта семæ Сагкатæн (Сечъынатæн) сæ хæйрæг, хæдзары куыстытæ кодта бинонтæн. Сахуыр ыл сты. Йæхæдæг дæр сыл сахуыр.

Иу диссаджы миниуæг æм уыдис... Райсомæй-иу къæртаимæ донмæ куы ацыд, уæд-иу сихæрттæм не 'рбацыд... Бадтис-иу доны был æмæ-иу дзы искуы иу хатт хæрз чысыл фелвæста. Дис кодтой Сагкатæ, цæмæн афтæ кæны, дон афтæ цæмæн æвзары, зæгъгæ. Бафарстой йæ. Хæйрæг сын загъта:

– Дон у алцæмæй чъизи, йæ сыгъдæг куы фæзыны, уæд æй фелвасын.

Уыцы дон-иу уыд парахат бинонтæн. Йæ къæрта-иу сфаг и æнæхъæн бон... Бæркадджын.

Хæйрæгæн алы мæйноджы дæр хъуыдис сæрдасæндзæф кæнын, науæд дæлзæхх кодта... Афтæмæй цардысты. Фæлæ иуахæмы хъæуы æнамонд хабар æрцыд. Кæйдæр хæдзар ссыгъд, æмæ адæм иууылдæр уырдæм фæфæдис сты. Раст уыцы заман уыдис мæйноджы бон... Хæйрæгæн хъуыди уыцы рæстæг хурныгуылды агъоммæ сæрдасæндзæф фæкæнын, фæлæ йæ цуры ничи фæцис... Сæрдасæндзæф чи фæкодтаид, уый нал уыд, æмæ хурныгуылдимæ хæйрæг ацыд хъæргæнгæ: «Сæрдасæндзæф, сæрдасæндзæф, сæрдасæндзæф»... Стæй фæдæлзæхх...

# Хæйрæджы хай

**Уæд, дам, дын иухатт хæйрæг йе сконд нозтимæ Уастырджийы фæндагыл йæ размæ рацыд.**

**– Мæнæ иу диссаджы цыдæр нозт æрхъуыды кодтон, æмæ ма йæ фен, иу дзы势 бануаз, – ныххатыд æм хæйрæг. Æвæццæгæн дзы Уастырджийы фæрасыг кæнынмæ хъавыд Хуыцауы 'лгъыст, йе та йæ нозт бафæлварын.**

**Банызта Уастырджи нуазæн, æмæ йæ зæрдæмæ фæцыд.**

**– Дзæбæх у, – загъта уый.**

**– Иу ма, дæ хорзæхæй, – фæцырд хæйрæг æмæ йæм дыккаг нуазæн авæрдта.**

**Банызта Уастырджи дыккаг нуазæн дæр, æмæ йе уæнгты ахъардта.**

**– Хорз у, – загъта уый, – дæ къухтæ фæрнæй фæдар.**

**«Фыццагæн «дзæбæх у», загъта, дыккагæн «хорз у», цымæ, æртыккагæн та цы зæгъид?» – ахъуыды кодта дæлимон æмæ йæм æртыккаг нуазæн дæтты.**

**– Мæ тыхдзырд мын ныббар, бæрзондыл бадæг, дæ хорзæхæй, иу ма... Æртыккаг...**

**Банызта Уастырджи æртыккаг дæр æмæ загъта: «Уæдæ-иу ацы нозтæй æртæ чи бануаза, уый мæн хуызæн уæд, уымæй фылдæр чи бануаза, уый та – дæу хуызæн».**

*ХЪАЙТТАТЫ Сергей «Ирон хабæрттæ»*
*Дзæуджыхъæу 1998 аз*

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



**Хъайтартæ нæ мæлынц**

# Хæстонты нæмттæ сæнусон кодтой

**Дзæуджыхъæуы 41-æм скъолайы кълæстæн лæвæрд æрцыдисты сæрмагонд æфсæддон операцийы фæмардуæвæг хæстонты нæмттæ.**

Нырæй фæстæмæ скъолайы рауагъдонтæ, Лæгдзинады ордентæй хорзæхджын **Алексей Балашов** æмæ **Георгий Камараулийы** ном хæсдзысты дыууæ къласы – 6 «В» æмæ 6 «Г».



Абон стыр ахадындзинад ис скъоладзауты хæстон-патриотон хъомыладæн, ахуырадон уагдоны разамынд æм иудадзыг се ’ргом здахынц. Ныр дæр ахуырдзаутæ уæрæх æмбырдтæ аразæн залы фембæлдысты хъайтарты бинонтæ æмæ хæстæджытимæ. Фембæлды ма архайдтой Фыдыбæстæ хъахъхъæнгæйæ, чи фæмард, уыдоны бинонты æхсæнадон организацийы регионалон хайады сæрдар **Татьянæ Днепровская**, Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты фонды хайады разамонæджы хæдивæг **Таисия Кобзева**, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ **Хъаирты Тимур** æмæ **Роман Шевяков**.

Алексей Балашов райгуырд 1995 азы 5 мартъийы, 41-æм скъола каст фæуыны фæстæ бацыд Кубаны университеты журналистикæйы факультетмæ, фæндыд æй æфсæддон уацхæссæг суæвын, фæлæ диплом райсыны фæстæ хъазуатонæй архайдта фæсивæдимæ патриотон-хъомыладон куысты. 2022 азы апрелы сæрмагонд æфсæддон операцимæ ацыд бархийæ, сæрмагонд къорды рæнхъыты æххæст кодта диверсион-сгарæн хæстæ. Уыцы аз 29 августы Алексей хъæбатырæй фæмард.

Георгий Камаразули райгуырд 1985 азы Дзæуджыхъæуы. Ацы скъола каст фæуыны фæстæ бацыд æфсæнвæндаджы техникуммæ æмæ йæ сырх дипломимæ каст фæци, стæй йæ ахуыр адарддæр кодта Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты. 2011 азы бацыд куыстмæ акционерон æхсæнад «Ростелеком»-мæ.

2022 азы мобилизацийы рæстæг Георгий æрвыст æрцыд сæрмагонд æфсæддон операцимæ. Службæ кодта БМП-йы скъæрæг-механикæй. 2024 азы йын раттой лейтенанты цин, æмæ ссис хицæн взводы командæгæнæг. 2025 азы 13 мартъийы Георги йе ’мбæлттимæ ног ахстбынат кæм арæзта, уырдæм знаг æрæппæрста авиабомбæтæ.

Георгий Камараулийы ныййарджытæ скъолайы музейæн саккаг кодтой, сæ фырт цы майдан нал федта – «Хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй», уый.

Кълæсты райгом кодтой æдзард хæстонты номарæн стендтæ.

– Алексей Балашов æмæ Георгий Камараулийы хъæбатырдзинад махæн не ’ппæтæн дæр æвдисæн у Фыдыбæстæйыл, хæстон ардбахæрдылиузæрдионуæвынæн, сæ нæмттæ та æнусмæ баззайдзысты Уæрæсейы историйы сыгъзæрин дамгъæтæй фыстæй, – загъта Хъаирты Тимур.

**ГАПБАТЫ Алетæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

# Арфæтæ

## Хъайттаты Гермæны фырт Алыксандрæн (Аликæн)



*Нæ зынаргъ Хъайттаты Гермæны фырт Алыксандр (Алик)! Дæ юбилейы фæдыл дын зæрдиаг арфæ кæнæм! Дæуæй æппæт мыггаг сæрыстыр сты! Ды махæн дæ нæ цæугæ мæсыг! Дæ царды фæтк уыд у æмæ уыдзæн не ’ппæтæн дæр фæзминаг, сæрмагондæй та – кæстæр фæлтæрæн. Дæ ирд æмæ цымыдисаг царды фæндаг – Алагиры фæскомцæдисы райкомы фыццаг нымæрдарæй республикæйы Мидхъуыддæгты министры хæдивæгмæ – нысангод уыди бирæ республикон æмæ паддзахадон хæрзиуджытæй, се ’хсæн - майдан «Ирыстоны намысæн», æмæ дæ хæлар зæрдæ, æнувыд ныхас дæ алфамбылай адæмимæ скодтой дæу кадджын æгас республикæйы æхсæнады дæр!*

*Алик! Нæ зæрдæ дын зæгъы æнæниздзинад, кæстæрты рæсугъддзинад! Æгъдаухæссæг куырыхон адæймаг дæ æмæ ма дæ зондамындтытæ бирæ азты кæстæртæн цардамонд хæссæнт!*

**Ацы арфæтæ дын кæны, дæуæн стыр аргъ кæнгæйæ,**
**Хъайттаты мыггаджы совет**



***Æрхæццæ та нæм кæны нæлгоймæгты кадджын бæрæгбон - 23 феврал! Уый фæдыл арфæтæ кæнын Дадианаты уынджы нæлгоймæгтæн! Сыхы хистæр у Козаты Цæра!***

***Се ’ппæтæн дæр мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ бинонты амонд, кæстæрты рæсугъддзинад æмæ сабырдзинад! Ис сыхы бирæ кæстæртæ, сæ амонд дзæбæхæй ссарæнт! Гыццылтæ та бахъомыл уæнт сæ ныййарджыты фæндиаг!***

***Арфæ ма кæнын нæ зынаргъ дохтыр Козаты Хазбийы фырт Эрикæн, Дзæуджыхъæуы республикон психиатрион рынчындоны сывæллæтты хайады разамонæгæн.***

***Алы аз дæр уыл рæсугъд бæрæгбæттæ цæуæнт! Фарн æмæ амонд - уæ хæдзæртты!***

***Эммæ***



*Афтæ рауад, æмæ ме ’нæниздзинады тыххæй бахаудтæн Дзæуджыхъæуы 1-аг поликлиникæмæ, дохтыр-отоларинголог Беслехъоты Тамарæмæ. Цалдæр азы мæхи æвзæр хатыдтон, мæ сæр зылди, мæ хъусты цыдæр уæлдай уынæр цыд æдзухдæр, хъарм донæй-иу мæ цæсгом куы ныхсадтон, уæд-иу мæ фындзы туг æркалд... Ай цы хæбар у, зæгъгæ, ацыдтæн дохтыртæм. Кæй зæгъын æй хъæуы, дохтыры дæсныйад домы арф зонындзинæдтæ, лæмбынæг ахаст рынчынмæ. Куы йæм бахызтæн, уæд мын сыстад, мæ курдиатмæ мын байхъуыста æмæ мæ бафарста мæ ном, мæ мыггагæй, ныффыста мæ йæ журналы. Мæ уавæр ын куы радзырдтон, уæд мын ныфс бавæрдта, мах дын бахуыс кæндзыстæм, зæгъгæ. Рафыста мын дæс бонмæ хъæугæ хостæ æмæ процедурæтæ.*



*Тамарæ, дæ цæрæнбон бирæ, тынг мын баххуыс кодтай! Абон дæн æнæниз.*

**ГОДЖЫЦАТЫ Хъазыбег,**
**Дзæуджыхъæу**

**Акци**

# Фæндагыл æдасæй цæуынæн

**Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны агъоммæ Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады автоинспекцийы кусджытæ æмæ Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы фæндагыл цæуыны æвзонг инспекторты къорды уæнгтæ МАМЫТТЫ Ранетæйы разамындæй баххæст кодтой фыдбылызæй бахизæн акци «Фыстæг хæдтулгæскъæрæгæн».**




Дзыллон мадзал сарæзтой фæндаггон-транспортон фыдбылызты лыггæнинаг фарстамæ хæдтулгæскъæрджыты æргом аздахынæн. Æвзонг инспектортæ рагацау бацæттæ кодтой фыстæджытæ-фæдзæхстытæ. Скъоладзаутæ фыстæджыты фæрцы хæдтулгæскъæрджытæн раарфæ кодтой æрбаввахсуæвæг бæрæгбоны фæдыл, стæй сын бафæдзæхстой фæндагыл цыды фæтк биноныг æххæст кæнын, бæлццæтты æдасдзинад сæ рох куыд нæ уа, афтæ.

Ахуыргæнæндонмæ ’ввахс ран автоинспектортæ кæй урæдтой, скъоладзаутæ уыцы хæдтулгæты скъæрджытæн лæвæрдтой къухæй фыст фыстæджытæ. Уыдон æхсызгонæй райсæг хæдтулгæскъæрджытæ акцийы æвзонг архайджытæн зæрдæ бавæрдтой фæндагыл цыды фæтк бæстон æххæст кæнынæй.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады паддзахадон автоинспекци**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ: 3. Рагон ирон хосласæн фæрæз хæхбæсты. 7. Хæринаггæнæг. 9. Дыууæ паддзахады зæххы хайы æхсæн. 10. Рæхснæг. 11. Цыппаррæнхъон хъæбæрхор. 15. Цæугæдон Цæгат Ирыстоны. 18. Æнтæф. 21. Æнувыд, иу ахаст. 23. Хæрзиуæггаг, æгъдау. 24. Хос, сугæфснайæн бынат. 25. Афæдзы мæйтæй иу. 26. Къостайы æмдзæвгæ. 27. Уырынгон. 29. Къæппæг. 30. Хæлæрттæ. 31. Лæнк, мæскъ. 33. Хъавд. 35. Зыд, кæрæф. 39. Ставд, бæзджын. 40. Карды хай. 41. Стыр базар. 42. Уæзы бæрц.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Фахс, къул. 2. Цармыл нывæфтыд, нысан. 4. Хæрынæн бæзгæ хъæддаг зайæгой. 5. Бæлас. 6. Музыкалон дзаума. 8. Хæдзары дзаума. 12. Артаг æфснайæн бынат. 13. Цæугæдон Смоленскы облæсты. 14. Хъæбысы саби. 16. Уалдзыгон тыд. 17. Ирон журнал. 18. Фидар, хъæддых. 19. Уаллон. 20. Лæхурæг. 22. Бирæгъты бардуаг. 28. Дзыхъ, къуырф, æххæл. 32. Дзыллæ. 34. Нартхоры ссадæй конд лауыз. 35. Æнæзæрдæмæдзæугæ. 36. Дзоныгъы, уæрдоны бæттæн. 37. Рæстæджы бæрц. 38. Хъæддаг сырд.**

## Дзуаппытæ 14 февралы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 7. Сывæлдæг. 8. Кæфгæсаг. 11. Къада. 12. Гæрæм. 13. Бонвæрнон. 16. Калугæ. 17. Кæрæф. 18. Тæтæри. 21. Цъылын. 22. Сæрвæт. 23. Хъиутæ. 24. Сæртæг. 29. Хъæбул. 30. Тæмæн. 31. Скъуда. 35. Митæйдзаг... . 37. Æнгуз. 38. Цыллæ. 39. Кæрддзæм. 40. Мырмыраг.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Быгъдуан. 2. Зæрдæ. 3. Цæхдон. 4. Кæсгон. 5. Мæнæу. 6. Уагæвæрд. 9. Кæвдæс. 10. Кæрдæн. 14. Агуыридур. 15. Зæрватыкк... . 19. Тырты. 20. Уæрæх. 25. Къуындæг. 26. Гæлæбу. 27. Уæрдæх. 28. Æдзæллаг. 32. Сидзæр. 33. Уацмыс. 34. Тулдз. 36. Быдыр.**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Дзугаты Федыры бинонтæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц бинонтæ æмæ хиуæттæн,
**ГАССИТЫ**
**Георги (Гоги) Леойы фырт**
кæй амард, уый фæдыл.

**Услуги электрика**
**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.**
**Все виды работ с гарантией.**
**Выезд и консультация бесплатно.**
**Тел.: 8-918-702-00-82**
**(Казбек).**

**Газеты иннæ номыр рацæудзæн 25 февралы.**




**Мыхуыры рацыд англисаг æвзагмæ тæлмацæй Хуыгаты Сергейы радзырдты чиныг «Ossetian Fiddle» («Хъисфæндыр»). Радзырдтæ англисаг æвзагмæ ратæлмац кодта Владимир Пукиш (Будапешт, Венгри), нывтæ йын скодта Кокойты Мариа (Цхинвал, Хуссар Ир). Чиныг уæй кæнынц дукани «Аллон-Биллон»-ы (Сабырдзинады проспект, 12).**

Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2736. Заказ № 178. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**